www.nohchalla.com
Популяризация старинных чеченских песен

# Байлахь йисина йоь1а илли

**Хьо ма яла, хаза б1аьсте, дог ца дог1у хьоьга хьежа,**
**Хьо яларе сатийсинчу, эсил ненах яьллий со-ма.**
**Хьо яларе сатийсинчу, йинча ненах яьллий со-ма.**

**Ма лепахьа бай т1ехь, зезаг, дог ца дог1у хьоьга хьежа,**
**Хьо даларе сатийсинчу, нанас йинчух яьллий со-ма.**
**Хьо даларе сатийсинчу, нанас йинчух яьллий со-ма.**

**Хьо ма дека, можа хьоза, ма к1ордийна хьоь ладег1а,**
**Хьо декаре сатийсинчу, эсил дадех яьллий со-ма.**
**Хьо декаре сатийсинчу, эсил дадех яьллий со-ма.**

**Хи кхачийна ч1ара санна, нур кхачийна седа санна,**
**Г1ийла ю со, сан нийсарой, бенах яьлла лела дела.**

**Хьалха ваккха ваша воцуш, дагар дийца йиша йоцуш,**
**Дада воцуш, нана йоцуш ма дуьсийла, сан нийсарой.**

**Вай ирс я1 шун, сан нийсарой, яла йолла шун ирс хеташ,**
**Шаьш суьйранна чу дирзичи, дада вуй шун баьрчехь вехаш.**

**Вай ирс я1 шун, сан нийсарой, яла йолла шун ирс хеташ,**
**1уьйранна ара довлуш, нана юй шун дага довла.**

**Со суьйранна чу ма йоьрзу, акха хуьйшу кхокху санна,**
**1уьйранна ара йолу, акха дека хьоза санна.**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)